

<https://attorneygeneral.delaware.gov/publictrust/complaint-process/>

Kisa k ap Pase Apre yo Fin Depoze yon Plent?

Yon fwa ou depoze yon plent, w ap resevwa yon imèl nan men yon manm Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la ki rekonèt li resevwa fòm plent lan. Avoka nou yo ap revize epi evalye plent ou an pou detèmine si gen yon baz ki ase pou Pwokirè Jeneral la adopte kèk mezi.

Nou ap revize pwoblèm nan pi rapid ke posib; sepandan, tanpri sonje ke moun ki pote plent yo pa jwenn enfòmasyon sou pwogrè konsènan plent yo oswa sou sitiyasyon plent lan, paske sa ka entèfere ak pwosesis lapolis. Pou rezoud plent ou an nou ka voye tou yon kopi lèt ou a bay moun, ajans oswa minisipalite w ap plenyen pou li an.

Tanpri konprann ke lè w depoze yon plent nan Divizyon sa a ou PA lanse yon pwosè oswa yon pwosedi, ni Divizyon sa a pa te lanse yon pwosè oswa yon pwosedi nan non w. Divizyon sa a pa ka bay konsèy jiridik endividyle, epi, nan kèk ka, anboche yon avoka prive ka nesesè.

Association Bar Eta Delaware la ka ba w referans.

Yon manm nan Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la pral kontakte w apre revizyon nou an fini epi yo pran yon detèminasyon sou aksyon ki apwopriye a.